

# PANDEMI GRIP AK GRIP SEZONYE: SA OU BEZWEN KONNEN POU OU KA PARE W

Se yon viris ki lakòz maladi grip epitou viris la kapab transmèt ant yon moun ak yon lòt moun. Grip la ka lakòz maladi lejè oswa grav, epi menm lanmò. Gen nan kèk sentòm yo lafyèv oswa san frèt, frison, tous, malgòj, nen koule oswa nen bouche, doule nan kò, maltèt, epi fatig.

## KISA GRIP SEZONYE A YE?

Chak ane, genyen diferan tansyon (oswa kalite) viris grip ki simaye. Se sa ki rele grip sezonye. Ozetazini, sezon grip ka kòmanse byen bèn apati Oktòb epi li kapab dire byen ta jis nan mwa Me.

## KISA PANDEMI GRIP LA YE?

Pafwa, genyen nouvo tansyon grip ki parèt epi moun yo pa genyen oswa apenn genyen iminite kont yo. Lè sa rive, viris la kapab simaye fasil ant moun yo epi sa kapab lakòz yon epidemi sou yon echèl global – Yon pandemi. Pa egzanp, grip kochon H1N1 2009 la te konsidere kòm yon pandemi grip. Malgre pandemi grip yo ra, yo kapab genyen konsekans grav, tankou gwo pousantaj nan absans travayè, yon sistèm medikal ankonbre, maladi ak lanmò nan mitan abitan yo.

## KISA DEPATMAN SANTE (MDH) AP FÈ POU PARE POU YON PANDEMI GRIP?

Biwo pou Preparasyon ak Repons MDH a kontinye planifye pou yon pandemi evènman. Plan ak aktivite sa yo genyen ladan yo yon Plan Grip Merilann ak Plan pou Pandemi Grip; egzèsis pandemi grip pou anplwaye dijans, patenarya ak ajans lokal, leta, federal ak prive yo pou fòme yon apwòch konpreyansif pou prepare, anpeche oswa diminye efè yon pandemi grip; kenbe yon rezèv medikaman antiviral ak ekipman medikal.


## KISA OU KAPAB FÈ POU PWOTEJE PWÒP TÈT OU AK FANMI OU KONT TOULÈDE GRIP SEZONYE AK PANDEMI GRIP?


Lè ou pran vaksen, se pi bon pwoteksyon ou genyen kont grip la. Vaksen kont grip la disponib chak ane, anjeneral an Septanm oswa Oktòb. Tout moun ki genyen laj 6 mwa ak pi plis ta dwe pran vaksen kont grip la sito posib chak ane. Sizoka ta gen yon pandemi, kapab genyen oswa pa genyen yon vaksen disponib. Ou ta dwe pran vaksen a si li disponib pou ou.

Li toujou bon pou ou swiv mezi ijyèn pèsònèl debaz yo pou ou pwoteje tèt ou kont maladi, tankou grip la. Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan 20 segonn epi ede jenn timoun yo fè menm bagay. Si savon ak dlo pa disponib, itilize dezenfektan pou men abaz alkòl. Kouvri nen w ak bouch ou avèk yon tisi lè w ap touse oswa etènye ; apres a jete tisi a nan poubèl. Evite manyen zye w, nen w ak bouch ou avèk men san lave. Netwaye, epi dezenfekte kote ou manyen yo souvan. Evite pran kontak sere, tankou bo oswa sèvi nan menm vè, vesèl ak kiyè avèk moun malad yo. Si ou malad, rete lakay ou epi anpeche kontak ak lòt moun yo pou pwoteje yo pou yo pa pran maladi ou a.




# PLIS ENFÒMASYON

 [preparedness.health.maryland.gov](http://preparedness.health.maryland.gov)

 [facebook.com/MarylandOPR](https://facebook.com/MarylandOPR)

 [twitter.com/MarylandOPR](https://twitter.com/MarylandOPR)

 [health.maryland.gov](http://health.maryland.gov)

 [facebook.com/MarylandDHMH](https://facebook.com/MarylandDHMH)

 [twitter.com/MDHealthDept](https://twitter.com/MDHealthDept)